

## РАСТ АДÆЙМАГБÆЛ МÆНГАРДТИ 'ХСÆН УНГÆГИ БОН ИСКÆНУЙ!..

***ЭПИКТЕТ, рагон ромаг философ: «Æнæнез адæймаги нæ бафæнддзæнæй, цæмæй ин сæйгæ лæггадæгæнгутæ уа, кенæ æ бийнонтæ уонцæ сæйгæ. Мадта ездон адæймаг ба цагъартæ дарун æ сæрмæ не 'рхæсдзæнæй, уæдта сæребарæ ка нæй, уæхæнтти хæццæ еу азгъунсти неци хузи фæццæрдзæнæй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№1 (921) 2024 анзи 13 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман


## НÆ УÆЛИНДЗÆЙ КÆСГÆЙ



**БИЧИЛТИ Алетæ,**
Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонг

### НÆ ЦАРДИУАГÆ НÆ ФÆНДОН БÆРГÆ КУ УАЙДÆ...

Æрбакъахдзæф нæмæ кодта нæуæг, 2024 анз, æма, берæ зæрдæмæдзæугæ цаутæ æма хабæрттæй си фæххайгин уодзинан, зæгъгæ, ибæл нæ зæрдæ даræн. Æ фæззинди хуæдразмæ ни алкедæр æрцæттæ кодта фæрнæйдзаг фингитæ æма нæ Исфæлдесæг Еунæг Устур Хуцаумæ искувтан: «Цард-дæттæг дæ, æма нæ дæ хуарзæнхæ уæд, царди нæ рæсугъд нæдтæбæл аразæ!.. Дæле хуарздзийнадæй ци ес, уонæй Иристони цæргути дæр, нæ адæмæй зæнхи цъарæбæл кадæриддæр ес, етæ хайгин куд уонцæ, еци арфæ ракæнæ!..»

Нæуæганзон кувдтитæй еу уæхæн фæууй, гъома, ци зæронд анз фæндараст кæнæн, уоми æнæзæрдæмæдзæугæй ци адтæй, етæ уой хæццæ рандæ уæнтæ. Уотæ нæ бæргæ фæффæндуй, фал царди æцæгдзийнадæ ба уæхæн æй, æма алкæд нæ бæлдитæн «коммæгæс» нæ разиннуй. Æма уомæй гъæстаг дæр куд уæн.

Уомæ гæсгæ ба алцæмæ дæр лæдæргæ цæстингасæй кæсун гъæуй.

Дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ Нæуæг анзи хуæдразмæ сæ царди уавæрти фæдбæл сæ зæрдиуаги туххæй уæрæсейæгтæй ке бафарстонцæ, уонæй алли дуккаг адæймагæн (53%) дæр е 'нкъарæнтæ 'нцæ æвæрццæг. Уой хæццæ ба кæмæндæрти (11%) сæ зæрдиуагæ æнæрайгæ æй, кадæртæ ба (34%) нæдæр нецæбæл тухсунцæ, нæдæр нецæбæл цийнæ кæнунцæ. Зæронд анз хуарз зæрдиуаги хæццæ ка фæндараст кодта, уони 'хсæн нæлгоймæгтæй фулдæр адтæнцæ силгоймæгтæ (56%), карæмæ гæсгæ ба – æртинсæй анземæй фулдæр кæбæл цæуй, етæ (57%).


3


## АХСГИАГ ФАРСТА



### СÆЙРАГДÆР – ÆДАСДЗИЙНАДÆ ÆМА САБУРДЗИЙНАДÆ

Цæгат Иристони Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** ин разамунд лæвардта, уотемæй æрæги адтæй террори нихмæ архайди фæдбæл æма республики оперативон штаби æмбурд. Дзубанди си цудæй национ æма конфессионалон рахастдзийнæдти, æхсæнадон-политикон, спортивон æма æндæр дзиллон гъуддæгути æдасдзийнади уавæртæ аразуни фæдбæл ведомствити æмгустади фарстатæбæл.

Æмбурд игон кæнгæй, Сергей Меняйло æ радзубандий сæрмагондæй баханхæ кодта уой, æма Уæрæсей Федераций Президенти æвзурстити рæстæг аллихузон знаггадæхæсгутæ, æхсæнадон цардиуагæ æзмæнтгутæ сæ сæртæ ке исдардзæнæнцæ. Сæ фудвæндæ æй нацити æма аллихузон динтæ æнхæстгæнæг дзиллити 'хсæн уавæр исæзмæнтун, экстремизм æма терроризми фæззиндтитæ фæсевæди 'хсæн рапарахат кæнун.

Национ политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министри хуæдæййевæг **Вадим Лесь** куд радзурдта, уотемæй уæхæн тæссагдзийнæдтæн гæрæнтæ исаразуни туххæй испайда кæнун гъæуй уæлæнхасæн мадзæлттæй. Медгъуддæгути министради регионалон пъæлици хецауи хуæдæййевæг **Агънати Урузмæг** ба радзурдта, барадон æма æхсæнадон æдасдзийнади туххæй се 'рдигæй ци мадзæлттæ арæзт цæуй, уой туххæй.

***Æмбурди туххæй нин фегъосун кодта нæ республики Сæргълæуууæги æма Хецауади пресс-службæ***



**КОЛИТИ Витали**

### ÆМДОГОНМÆ

Цæрæн царди мæстæйдзагæй,
Исæнтæстан фуддæрæн.
Нæхе бæстæ исæфтдзаг æй –
Кедæр къелтæ ба сдæрæн.

Нæ хуæздæр куст – козбауадæ,
Махæн æмбал кæми ес.
Æвæццæгæн нин байзадæй
Фидæй-фуртмæ еци нез.

Кæмæн нæй е 'взаг æ зудæ,
Кæмæн нæй е дони хъуртт: –
Ма бацæрæд еци фидæ,
Ма райгурæд ба æ фурт.

Кæрæдзебæл ка нæ хуæца,
Ка дех кæна æ ес-бес, –
Е æй царди нæ фæххуæца,
Исонбон дæр ин нæййес.

О ме 'мдогон, æ – мæ радæ,
О, фегъосетæ мæ гъæр: –
Мабал нин уæд козбауадæ
Нæхе уодтæй цитгиндæр.

*Колити Виталибæл 1 январи исæнхæст æй фондз æма æртинсæй анзи æма ин зæрдиаг арфитæ кæнæн. Е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ ниффинста: «Поэти ном!.. Ци зин æй дæ хæссун...» Æма Виталимæ разиндтæй хъаурæ æма нифс дæр, искурдиадæ æма курухондзийнадæ дæр еци ном цитгинæй хæссунмæ. Æма ма идарддæр дæр æнтæстгин уæд!..*

*Колити Виталий юбилейи фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 4-7-аг фæрстæбæл.*

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

**2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.**

*Саади Ширази (1210-1292), персайнаг поэт: «Мæнмæ нæййес мæ уæргътæ мин ка хæсса, уæхæн теуа, фал мæмæ уогæ уæргътæ дæр нæййес. Мæнæн нæййес, мæ унаффитæ мин ка æнхæст кæна, уæхæн цагъар, фал уогæ мæхуæдæг*

## УÆЛДÆР АХУРАДÆ



Цæгат Иристони уæлдæр ахургæнæндæнтти 2024 анзи бюджетон бунæтти нимæдзæ уодзæнæй 2445. Уой туххæй æ телеграм-канали фегъосун кодта республики Сæргълæуууæг Сергей Меняйло. Æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй еци гъуддаг æхцæуæн уомæн æй, æма уой фæрци æнтæстгиндæрæй цæттæгонд цæудзæнæнцæ, уæлдай хъæбæрдæр нæ ка гъæуй, уæхæн специалисттæ. Абони ба нæ уæлдай æхсицгонæй гъæунцæ анестезиологтæ-реаниматортæ, агрономтæ, фонси дохтиртæ, инженертæ, туризми къабази специалисттæ... Уæдта ма куд загъта, уотемæй ахсгиаг æй кусти базар исæмхузон кæнунбæл бакосун, цæмæй нæ республикæ гъæуагæ ма уа гъæугæ дæсниæдтæй.

## ЕУГУРУÆРÆСЕУОН МАДЗАЛ




Мæскуй 15-16 январи рацæудзæнæй фиццаг Еугуруæрæсеуон муниципалон форум «Минкъий Райгурæн бæстæ – Уæрæсей хъаурæ». Архайдзæнæнцæ си авд мин адæймагемæй фулдæр.

Форуми нисан æй æхсæнадæ æма паддзахадæн еумæйаг хæзнати бундорбæл Уæрæсей муниципалон æмæхсæнади еудзийнадæ фæййахедгæдæр кæнун, уæдта фæзуæтти райрæзтæн агъазгæнæг муниципалон проекттæ æма фæндитæ æнтæстгиндæрæй царди уадзунæн агъаз кæнун.

Аци ахсгиаг мадзали архайунцæ Ирæфи районы разамонæг Хамихъоти Роберт, уæдта Чикола æма Æхсæрисæри гъæууон администрацити сæргълæугутæ Саккати Артур æма Дзидзойти Тасолтан.

## ХАЦЦОНИ АРГЪ



Дзæуæгигъæуи еууатон фатери хаццони рæстæмбес аргъ нуртæккæ æй 20,4 мин соми (гъома, анзи дæргъи ибæл бафтудæй 32,2 проценти).

Аци хабар фегъосун кодта федералон портал «Мир квартир». Анзмæ дууæуатон фатери аргъбæл бафтудæй 24,3 проценти, æртæуатон фатери аргъбæл ба – 8,3 проценти.

Риэлторти дзубандимæ гæсгæ, Дзæуæгигъæумæ цæуæг туристти нимæдзæ ке фæффулдæр æй, е цæрæнуати хаццони аргъбæл фæббæрæг æй. Фатерти хецæутти изол æмгъудон хаццони бæсти бæлццæнттæ равзарунцæ суткæгай хаццон.

## ФÆЛГОНЦАДÆ

### ÆХСÆНАДОН ФÆЗУÆТТÆМÆ – ЦÆСТДАРД

Еугур Уæрæсей куд æй, уотæ Цæгат Иристони дæр 15 мартъий æ тухи бацæудзæнæй 2024 анзи æхсæнадон фæзуæттæмæ базелуни, исцалцæг кæнуни онлайн-гъæлæскæнуйнадæ.

Еугур нисантæ конд цæунцæ национ проект «Цæрæнуæттæ æма сахайраг алфамбулай»-и фæлгæти. Гъæлæс кæнæн уодзæнæй 30 апърелмæ сайт https//15. gorodsreda.ru/. Цæгат Иристони алли цæрæг дæр, 14 анземæй хестæр куд уа, уотемæй æ бон уодзæнæй æхсæнадон фæзуæтти ирæзтбæл байархайун. Уой туххæй гъæуама равзара еу æхсæнадон фæзуат. Нуртæккæ бал бунæттон хеунаффæйади администрацитæ цæттæ кæнунцæ базелуйнаг æхсæнадон фæзуæтти хигъд.

Республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** куд фæббæрæг кодта, уотемæй цæгатиристойнæгти рахастæй аразгæ уодзæнæнцæ еугур гъуддæгутæ. «Комкоммæ нæ цæргутæ сæ гъæлæстæ ратдзæнæнцæ парктæ, сквертæ, сахарти, гъæути фæлгонцади туххæй. Цæмæй 2025 анзи еугур еци объекттæмæ базелонцæ, исцалцæг сæ кæнонцæ, уобæл нур байархайун гъæуй. Еумæ бавналæн нæ сахартæ, гъæутæ федауцæдæр искæнунмæ. Цæгат Иристони цæрæн бунæттæ рæсугъддæр фадуатгиндæр исаразуни туххæй гъæлæс кæнуни байархайетæ», – фæдздзурдта республики Сæргълæуууæг.

Уомæй уæлдай, сайт «Добро. РФ»-й уодзæнæй бархеуон агъазгæнгути регистраци искæнуни фадуат, етæ адæммæ еугур хабæрттæ хъæртун кæндзæнæнцæ. Сæ архайд хъæбæр ахсгиаг уодзæнæй аци гъуддаги. Куд зонæн, уотемæй Цæгат Иристон аци проекти архайуй 2021 анзæй фæстæмæ. Уой фæрци хъæбæр берæ фæстæ, сквертæ, парктæмæ базилдæнцæ, исфæлтонг сæ кодтонцæ еугур фадуæттæй. Адæм сæ фæллад уоми уадзунцæ, сæхе ерхæфсунцæ. Сувæллæнттæн си еугур равналæнтæ дæр ес.



## РЕСПУБЛИКОН ПРОГРАММИ ФÆРЦИ



# «УÆ НÆУÆГ ЦÆРÆНБУНÆТТИ АМОНДГУН ÆМА ФÆРНÆЙДЗАГ УОТÆ!..»

Бюджети къабази косæг адæмæй уæлбарæ лæггæдтæ ка есуй, уонæй 110 биййонтемæн равардтонцæ дæгъæлтæ, Кироваг къурсантти гъæунги ци цæрæнуатон комплекс фæззиндтæй, уоми нæуæг фатертæй.

Берæфатерон хæдзари фалдзостæ барæвдзæ кодтонцæ нæуæг цæргути æрбацудмæ. Хæдзарæ лæвæрд æрцудæй хуæрзцæттæй, цæрунæн си цидæриддæр гъæуй, уомæй æнхæстгондæй.

Амондгун цæргутæн сæ цийнæбæл бацийнæ кæнунмæ æрбацудæй Цæгат Иристони Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло**. Куд загъта, уотемæй ин нæуæг анзи райдайæни æхцæуæн æй нæуæг фатерти хецæуттæн зæрдибун арфитæ ракæнун.

– Аци вазуггин рæстæг уин хуарз фæуунæн махæй аразгæ ци æй, уой искодтан. Граждæнти цард фадуатгиндæр искæнун нæ ихæс æй, бустæгидæр ба цæрæнуæтти фарста бустæги уæззау кæмæн æй, уонæн. Аци гъуддæгутæ æнхæстдæрæй аразун ба нæ къохи бафтуйдзæнæнцæ программæ «Уæрæсейаг биййонтæн цæрæнуæттæ»-йи фæрци. Фатерти аргъ, базаради æргъти хæццæ рабаргæй, зингæ ниллæгдæр рауадæй. Уæ нæуæг цæрæнбунæттæ амондæй, фарнæй идзаг уæнтæ, уæ синхæгти хæццæ кæрæдзей лæдæргæй куд цæрайтæ!..

Берæфатерон хæдзари арæзтадæ банимайæн ес, республикон паддзахадон программæ «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий граждæнти асландæр æма фадуатгиндæр фатертæй исефтонг кæнун»-и æнхæст кæнуни архайди дуккаг къæпхæнбæл. Е фадуат равардта, цæмæй граждæнти хецæн къуæрттæ фатертæ райсонцæ 20 проценти асландæрæй.

Фарæ программæмæ гæсгæ арæзт æрцудæй æртæ берæфатерон хæдзари, сæ еумæйаг фæзуат рауадæй финддæс мин квадратон метри. Уотемæй 229 биййонти райстонцæ асландæр æма фадуатгиндæр фатертæ, алцидæр си рагацау арæзт æрцудæй æнхæстæй – айдагъдæр дæгъæлтæ райсæ æма си цæрæ. Нур ба аразгутæ исцæттæ кодтонцæ 110 фатери, программæ идарддæр æнхæстгонд цæуй. Аразгутæ ма исрæвдзæ кæндзæнæнцæ 110 æма 65 фатери.

Берæсувæллонгин биййонтæ аразгутæй æма республики разамундæй райстонцæ субсидитæ. Цæгат Иристони Сæргълæуууæги фæрци фатерти аргъ фæнниллæгдæр æй.

* * *

Уæрæсей арæзтади министради бадзурд «2024 анзи фиццаг æмбеси æма Уæрæсей Федераций субъектти 2024 анзи фиццаг квартали цæрæнуати еу квадратон метри рæстæмбес базарадон аргъи бæрæггæнæн»-мæ гæсгæ Цæгат Иристони цæрæнуати еу квадратон метри аргъ фæббæрзонддæр æй æхсæз проценти æма иссæй 66 568 соми.

Уæрæсей арæзтади министради аци бадзурди бундорбæл цæрæнуати нормативон аргъæй гъæуама пайда кæнонцæ федералон æма регионалон хецаудзийнади оргæнтæ, граждæнти хецæн къуæрттæн социалон феддони бундорбæл бюджети харзæй, кенæ бюджети ’хсæн трансферти фæрæзнитæй цæрæнуæттæ ку аразонцæ кенæ æлхæнонцæ, уæд. Уой хæццæ, еу квадратон метри нормативон аргъ нæ фæззиндзæнæй, куд цæрæнуæтти æргъти базарадон механизмбæл, уотæ, еумæ райсгæй, æнæзмæлгæ мулки æргътæбæл дæр.

Уæлæнхасæн фæббæрæг кæндзæнæнцæ, нормативон аргъ æхсæз проценти ке исирæзтæй, е хуарзæрдæмæ ке фæззиндзæнæй, нæ республики сертификаттæ æма субсидитæ ка райсдзæнæй уонæбæл, уомæн æма син паддзахадон агъази бæрцæ дæр фæффулдæр уодзæнæй.

## ХУÆРЗАУОДÆН

### НÆУÆГАНЗОН ЛÆВАР – ТУГЪДОНТÆН

Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн фæййагъаз кæнунæн хуæрзауодæн мадзал «Нæуæганзон лæвар – тугъдонтæн» исаразтонцæ Мæздæги. Балхæдтонцæ финддæс туристон пеци, уонæн баллонтæ, парафин акъоппити цирæгътæн, квадрокоптер, генератор, бронежилеттæ æма ма никки æндæр гъæугæ дзаумæуттæ.

Мадзал исаразунбæл байархайдтонцæ национ-культурон æхсæнæдтæ, студенттæ, хумæтæг адæм. Сахар къуар секторебæл ниддехтæ кæнгæй, алкæмидæр си радæ хастонцæ волонтертæ. Еумæйаг хъауритæй æрæмбурд кодтонцæ 800 мин соми. Балхæдтонцæ си тугъди будури æнæмæнгæгъæугæ уæлдæр ранимад предметтæ æма дзаумæуттæ. Скъоладзаутæ тугъдонтæмæ ниффинстонцæ финстæгутæ Нæуæгбони арфити хæццæ. Силгоймæгтæ ба исбидтонцæ гъар хæдæнттæ, цъиндатæ. Бæрæгбæнтти тугъдонтæ райстонцæ мæздæггæгти лæвæрттæ æма син зæрдиагæй райарфæ кодтонцæ.

**Георгий Апциаури**, акци ке хъæппæресæй арæзт æрцудæй, е радзурдта:

– Къуæремæ нин устур куст бакæнун бантæстæй. Нæ сахари кизгуттæ æма биццеутæ растауйнаг æнцæ. Хецæнæй арфæ кæнун, хуæрзауодæн мадзали архайгутæн сæ еугуремæн дæр. Сæ нимæдзæ ба минкъий нæй. Нæ нисан адтæй, цæмæй алли адæймагæн дæр гæнæн уа аци хуарз гъуддагмæ æ байвæрæн бахæссун.

**Валерия Истомина**:

– Фæсевæди бафарстан, уазал уин нæй, зæгъгæ, æма дзуапп равардтонцæ, тугъдонтæн дæр, дан, уазал æй, фал нæ гъаст кæнунцæ. Уазал, цъифæ… фал бухсунцæ. Нæ еугуремæн дæр, фиццагидæр, хъаурæ дæттуй патриотизм.



**Зундгонд рохситауæг, нæ интеллигенций зингæдæр минæвæрттæй еу, Зæнгиати Хъасайи фурт Бабуй райгурдбæл 15 январи æнхæст кæнуй финддæс æма авдинсæй анзи (1869-1937).**

## ХУАРЗÆЙ ЦÆМÆ БÆЛЛÆН, УОНÆЙ ХАЙГИН КУД УÆН НÆУÆГ АНЗИ!..



# НÆ ЦАРДИУАГÆ НÆ ФÆНДОН БÆРГÆ КУ УАЙДÆ...

Куд уинæн, уотемæй еугур адæмон амонд нин нæ бæсти нерæнгæ дæр ма идæрдтаг æй. Нæуæг анзи размæ социологтæ ма исаразтонцæ еума æрфарст, æма уæрæсейæгтæй сæ зæрдиуаги тухххæй ке бафарстонцæ, уонæй алкедæр уæддæр ести тухсун кæнуй. Зæгъæн, тæрсунцæ уæззау незтæй (30%), инфляци æма æргъти ирæзтæй (27%), сæ сувæллæнттæбæл ести бæлах æрцæунæй (26%). Ци фондз тасдзийнадемæй тæрсунцæ адæм, етæ 'нцæ: æфтуйæг фæнниллæгдæр унæй (23%), террористон фудракæндтитæ 'рцæунæй (19%), пандеми бабæй иситинг унæй (18%), æрдзон фудцаутæй (14%), фæливд миутæ аразгути сайди бахаунæй (13%).

Социологтæ ма ци берæ æндæр аллихузон æрфæрститæ аразунцæ, уони хатдзæгтæ куд амонунцæ, уотемæй берæ цидæртæ ма æвæстеуатæй исаразун гъæуй, цæмæй нæ абони цардарæзт кæд æнæгъæнæй нæма, уæддæр бал зингæ фулдæрæй зæрдæмæдзæугæдæр исуа. Уой тухххæй ци исаразун гъæуй, зæгъгæ, æрæги зундгонд экономист, Уæрæсей наукити Академий иуонг Абел Аганбегяни ку бафарстонцæ, уæд е ци мадзæлтти кой ракодта, уонæй еуей тухххæй уотæ загъта: «Гъæуй социалон системæ нæуæг гъæугæ хузи райаразун, ци зулундзийнæдтæ æма си хъоргæнæнтæ ес, уони исраст кæнун...» Æ загъдмæ гæсгæ фæллойнæн федуни мизди тæккæ минкъийдæр бæрцæ тæккæ хæстæгдæр æнзти гъæуама исирæза 35 мин сомей уæнгæ. Фулдæр бæститæ тæккæ минкъийдæр мизд æй рæстæмбес миздæн æ 50 проценти. Махмæ ба – æдеугурæй 30 проценти, уогæ еци бæрæггæнæн дæр бустæги раст нæй, уомæн æма миздæн фулдæр рауæнти æ 25-30 проценти лæвæрд цæунцæ «къонвертти».

Бæргæ А. Аганбегяни фæндон ку фæрræстмæ уидæ æма фæллойни феддони тæккæ минкъийдæр бæрцæ уæддæр 35 миней уæнгæ ку исирæзидæ. Уогæ, куд фæззæгъунцæ: «Куд хуæздæр уа, уотæ нæ бæргæ фæндадтæй, фал бабæй иннæ хæттити хузæн рауадæй...» Уомæ гæсгæ ба, академик ци гъуддаги кой кæнуй, е дæр абони – исони арæзт кæми æрцæудзæнæй.

Æма уæддæр арæзт ку 'рцæуа, уæдмæ ци рæстæг рацæуа, уой дæргъи ба æргътæ, цæрæнуатон-коммуналон æма æндæр лæггæдти фæдбæл феддонтæ ба, баруагæс уи уæд, уойбæрцитæ исирæздзæнæнцæ æма хумæтæг адæми цардиуаги уавæртæ, ка 'й зонуй, неци уойиасæбæл фæххуæздæр уодзæнæнцæ.

Цидæр æй, уæддæр нæуæг анз нерæнгæ ма нур райдæдта æма нæ зæрдæ дардзинан, кæдимайди ба хуæздæрæрдæмæ æййивддзийнæдтæй зæрди фæндон хайгин уодзинан.

* * *

*Мæнæ нæ абони радзубандий сæрмæ ци хузæ мухур кæнæн, уомæн, зæгъун æнгъезуй, ес дууæ нисанеуæги: еуемæй, зæронд лæг – куд Зæронд анз – бæхбæл æрбахонуй биццеуи – Нæуæг анзи; иннемæй е амонуй уой, æма нæ адæми тæккæ нимаддæр æгъдæуттæй кæстæрти царди нæдтæмæ сæ хуæрзцæттæй æма нифсхастæй рахонун æма сæ рафæндараст кæнун, цæмæй сæ карни хабæрттæ æнтæстгинæй æнхæст кæнунгъон уонцæ. Еци æгъдау нин гъæуама уæлдæй ахсгиаг исуа аци анзи дæргъи – зундгонд куд æй, уотемæй е Уæрæсей нимад цæуй бийнонти Анзбæл. Æма нæмæ бийнонтæ дæр фулдæр куд кæнонцæ, еугурæй дæр амондгун куд уонцæ!..*

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# БÆЛЛУЙНАГ ЦАРДМÆ ПАДДЗАХ ДÆР ФÆББÆЛЛУЙ!..

Нæуæг анзмæ æнгъæлмæ кæсгæй, алкедæр ни, æвæдзи, фæббæллуй, кæдимайди ба си зæрдæхцæуæндæр гъуддæгутæй фæххайгин уинæ, зæгъгæ. Æма дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Левада-Центри* æртасгутæ æрæги уæрæсейæгти 'хсæн исаразтонцæ æрфарст. Фарста ба адтæй: «Уæ гъудимæ гæсгæ, 2023 анзи хæццæ рабаргæй, 2024 анз уин циуавæр уодзæнæй?..» Æма сæ дзуæппитæмæ гæсгæ ци хатдзæгтæ искодтонцæ, етæ рауадæнцæ мæнæ ауæхæн:




* Уæрæсей Федераций хецаудзийнадæ æй нимайунцæ фæсарæйнаг агентбæл.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Зундгонд финсæг æма журналист Дзасохти Музафер æ уацау «Мæйти дæргъæн æнзтæ»-йи куд имисуй, уотемæй, Уæлдæр партион скъола каст фæуунтæбæл ку адтæй, уæд уоми ахур кæнун райдæдта еу иристойнаг журналист. Æма ахургæнæндони берæтиражон газет «Коммунист»-и фæззиндтæй еци журналисти уац Хъалæгати фондз æнсуввæрей тухххæй – етæ еугурæйдæр фæммард æнцæ Устур Фидибæстон тугъди. Гъæдгæронæй ке адтæнцæ, уой кой дæр си искодта, фал æй исхудта... «высокогорное селение Кадгарон…»

Музафер ин, Гъæдгæрон ба кæдæй иссæй уæлхуæнхон гъæу, зæгъгæ ку бауайдзæф кодта, уæд е, æ цæстæ дæр нæ фæнникъулдта, уотемæй дзуапп равардта: «Æма 'й ами ка зонуй?!.»

Æ уæхæн дзуапмæ гæсгæ Музафер уотæ финсуй: «Уой фæсте еци журналист Иристони газетти дзæвгарæ рæстæг фæммухур кодта æ финст интервьютæ зундгонд æфсæддон разамонгути хæццæ, фал еци æрмæгутæй æз еунæгей дæр нæ бакастæн. Цæмæннæ, е, мæнмæ гæсгæ, лæдæрд æй…

* * *

*Уæхæн «журналисттæ» нуртæккæ дæр, гъулæггагæн, æстæн нæ 'нцæ. Ести гъуддагбæл финсгæй, уой цæмæдесдзийнадæ бавдесунмæ нæ исарæхсгæй, исфæлундунцæ 'й алли æримисгæ «гъæцæнтæй». Уомæй айдагъ сæхе нæ ходуйнаг кæнунцæ, фал ма цæсти æфтаунцæ, рæстудæй æ профессионалон ихæстæ федауцæй ка æнхæст кæнуй, еци журналистти дæр.*



**Иван ТУРГЕНЕВ (1818-1883), номдзуд уруссаг финсæг: «Махæй алкедæр цъухæй зунди къубулойнæ 'й. Фал кæсæ æма æнæнгъæлти нæ рæзти еу æдули æруайдзæнæй, æма махæн бауорамæн нæбал фæууй – æ фæдбæл нииййарцæ уæн сонт-монти…»**

* * *

Нæ нуриккон цардарæзти æнæсæрфат миутæ цæмæй адæмæй баруагæс уонцæ, уоми сæ исарæзгутæй минкъийдæр нæ «фескъуæлхунцæ» дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ дæр. Уомæн æма раздæр еци æстауæн æстаунтæ байдайунцæ аллихузон фæливд «нæуæгдзийнæдтæ», кæцитæн сæ фулдæр разиннунцæ адæмæн кæрæй-кæронмæ зæранхæссæг. Уомæн æма е син замманай пайдахæссæг фадуат æй алæмæти æхцатæ косунæн. Æхцатæ ба, дан, æсмаг нæ кæнунцæ…



**Виссарион БЕЛИНСКИЙ (1811-1848), номдзуд литературон критик: «Рæстзæрдæ адæймæгутæмæ еу лæгъуз менеуæг ес: æнаккæгти, æдзæсгон цъамарти рази сæ цæститæ дæлæмæ æруадзунцæ къæндзæстугæй…»**

* * *

Уæлдайдæр ба «нифсæрмитæ» уæн æвзурсти рæстæги. Адæми сагъæс æгириддæр кæмæ нæ фæууй, етæ уæд уойиасæбæл адæмуарзон раунцæ, æма, æвæдзи, уомæй фæкъкъех уæн, сæ мæнгæ дзæнгæдати фæдбæл син сæ æдзæсгондзийнадæ сæ цæстæмæ бадарунгъон нæ исуæн. Æма уæд нæ абони цардиуаги гъæндзийнæдтæй нæхуæдтæ нæ ан фудгин нæ мæнгæ æфсæрмити фудæй…



**Рабиндранат ТАГОР (1861-1941), номдзуд индийаг финсæг, философ: «Аккаг ка нæй, уой ку растауай, уæд æй уæлдæр нæ исесдзæнæ, уой хæццæ ба ма дæхе фегадæ кæндзæнæ…»**

* * *

Хуарз адæймаг æй, зæгъгæ, загъд сансæй дæр ниннихасæн кæбæл нæййес, уæхæни дзиллон хабархæссæг фæрæзнити æгæрæйæгæрдæр æстаун ку байдайунцæ, уæд уой, гæрр, нæ фæллæдæрунцæ, æма 'й уомæй адæми цæсти нæ фæццитгиндæр кæндзæнæнцæ – æцæгæй ци æй, уой еугурæйдæр фæззонунцæ; иннемæй ба – æцæгæй растауни аккаг ка 'й, уони тухххæй дзубандибæл адæм æнхæст нæбал феууæндунцæ…

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг инæлар-майор Бæройти Сандрой фурт Михаили райгурдбæл 15 январи æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1993).**

**Номдзуд финсӕг Николай ГОГОЛЬ номдзуд поэт Жуковскиймӕ финста: «Цӕйбӕрцӕбӕл поэт дӕн, уобӕл тӕрхон кӕнун мӕнмӕ нӕ хауй. Зонун айдагъдӕр уой, ӕма аййевади ахедундзийнадӕ ӕма нисан балӕдӕруни размӕ мӕ уоди уедӕгтӕй бахатун, е алӕмӕти кӕдзос гъуддаг ке ӕй. Ӕма дӕ хӕццӕ фиццаг хатт ку исӕмбалдтӕн,**



Нӕ республики Сӕргълӕууӕг Сергей МЕНЯЙЛОЙ унаффӕй КОЛИТИ Виталийӕн ӕрӕги аккаггонд ӕрцудӕй Цӕгат Иристони культури ӕскъуӕлхт косӕги кадгин ном.

# «ПОЭТИ НОМ!.. ЦИ ЗИН ӔЙ ДӔ ХӔССУН…»



**СКЪОДТАТИ Эльбрус,**
журнал «Ирӕф»-и сӕйраг редактор

Колити Витали ӕй, – а фӕстаг рӕстӕги дигорон литературӕмӕ дзӕвгарӕ хуарз ӕмдзӕвгитӕ ка бахаста, еци астӕуккаг кари финсгути фӕлтӕрӕй еу.

Уогӕ ӕртинсӕй анзи поэтӕн рӕстӕмбес карӕ нӕбал ӕй. Е ӕй искурдиадӕн аккаг аргъ искӕнуни, сфӕлдистадон тиллӕг ӕмбурд кӕнуни афонӕ, поэзий сугъзӕрийнӕ фӕззӕг. Витали ӕй цардбӕллон, цардуарзагӕ лирик, реалистон финсӕг, ӕцӕгдзийнадӕ ӕвдесӕг. Ӕ программон ӕмдзӕвгӕ – «Цӕргӕс»– и, автор ӕхе сӕрмагонд ӕвзагӕй, ӕхе сорӕттӕй дзоруй царди ӕносон темитӕй еуебӕл: мӕнгӕ козбаутӕ, цӕстӕмӕ миутӕ цӕхуӕн фӕстеуӕг расайуниау ӕнцӕ, уобӕл:

*Еу загъдӕй ин сӕ еугурдӕр*
*Ӕппӕлдтӕнцӕ ӕ кондӕй.*
*Исӕргъувта ӕ реугудур,*
*Бунмӕ кастӕй бӕрзондӕй.*

*Уойййадӕбӕл фӕххебарӕ 'й,*
*Сӕрбӕрзондӕй фӕлгӕсуй,*
*Фесхъӕтӕг ӕй ӕ хӕдзарӕй*
*'Ма къӕдзӕхтӕбӕл цӕруй.*

Поэт, «фесхъӕтӕг ӕй ӕ хӕдзарӕй», зӕгъгӕ, еци тухгин рӕнгъӕй, ӕвдесуй, цӕргӕс, гъома, адӕймаг куд исӕййевуниау ӕй ӕфстауи лӕвӕрд билдауӕн миутӕ ӕма дзубандитӕй, куд минкъий ӕй гъӕуй уонӕбӕл бауӕндгӕй, ӕхебӕл банвӕрсунмӕ ӕма иннетӕбӕл нӕбал ӕнвӕрсунмӕ. Витали адӕймаги меддуйне хонуй «хӕдзарӕ», ӕма еци сорӕт, ӕнӕмӕнгӕ, ӕй поэти искурдиади ӕцӕг ӕвдесӕн. Ӕмдзӕвги еунӕг уӕхӕн нӕуӕг рӕнгъӕ ку уа, уӕддӕр е устур гъуддаг ӕй.

Колити Витали ӕ царди нисан раги, сауӕнгӕ ма Ӕхсӕрисӕри астанзон скъолай ку ахур кодта, уӕд исбӕрӕг кодта ӕхецӕн.

Биццеу ма уогӕй, равзурста поэзий ӕнӕкӕрон дессӕгутӕй идзаг итигъдадӕ, ӕма, ӕнӕмӕнгӕ, дигорон литературӕмӕ бахаста ӕхе еппӕрд ӕвӕрӕнтӕ, ӕрахӕста си ӕхе сӕрмагонд бунат. Уоци ӕцӕгдзийнадӕ ӕндиудӕй зӕгъуй нур, поэтӕн ӕ тӕккӕ исфӕлдистадон тухи афони.

Адӕймаги хъиамӕттӕн аккаг аргъ кӕнгӕ ӕй ӕ уодӕгасӕй, е ба ӕ зӕрдӕ барохс уа, никки хъӕбӕрдӕр бауӕнда ӕ хъауритӕбӕл, ӕма фӕннифсгундӕр уогӕй ба, ӕ къохти бафтуйа нӕуӕг ӕнтӕститӕ. Ӕ хӕццӕ уони неке хӕссуй, ӕппунфӕстаг, адӕмӕн ке изайунцӕ, е иронхгӕнгӕ некӕд ӕй.

Финсӕги карнӕ арӕхдӕр уотӕ рауайуй, ӕма, ку нӕбал фӕууй, уӕд ӕй уӕлӕрвтӕмӕ есун байдайунцӕ, ӕзинӕ дӕр ибӕл гадзирахаттӕй ка цудӕй, цӕлхдортӕ ка ӕвардта, сауӕнгӕ ма етӕ дӕр (кенӕдта – фулдӕр етӕ).

Еци ӕрӕгиауи ӕппӕлӕн дзубандитӕ ка фӕккӕнуй, е фулдӕр ӕхе туххӕй фӕдздзоруй, ӕхе исраст ӕма искӕдзос кӕнуни туххӕй (давӕгбӕл, дан, ӕ ходӕ цӕфсгӕ кӕнуй), ӕндӕра ма си, ӕ рӕстӕги ке ӕфхуардта, уомӕн ба ци игъауги фӕууй.

Беретӕн арӕх нӕ фӕффагӕ кӕнуй уоди, зӕрди хӕлардзийнадӕ е 'мбӕлттӕмӕ, е 'муодонтӕ ӕма ӕмзӕрдонтӕмӕ. Ӕма, хуарз рӕнгъӕбӕл, рӕсугъд ӕмдзӕвгӕбӕл ӕхеуони хузӕн бацийнӕ кӕнун ке бон нӕй, уомӕн ба ӕхемӕ ӕркӕсун гъӕуй листӕгдӕр – поэт ӕй, ӕви нӕ, уомӕн ӕма поэт айдагъ сор рифмитӕ бийӕг нӕй, поэт ӕй фиццагидӕр – уодигъӕдӕ. Цӕстуарзон уодигъӕдӕ. Еци уодигъӕдӕй райдайунцӕ ӕмдзӕвгитӕ дӕр.

Кӕцифӕнди финсӕги сфӕлдистадӕмӕ дӕр ӕркӕсӕн еу-дууӕ нихмӕвӕрд цӕстингасемӕй. Барӕй, зонгӕзонгӕй ӕй дӕ кустаг ку скӕнай, дӕхецӕн ӕй ихӕсӕн ку ниввӕрай, уӕд хуарз лӕгъузӕй равдесунмӕ, гъуди иннердӕмӕ исхатунмӕ устур хъаурӕ нӕ гъӕуй, уомӕн ӕма, куд адӕймаг ӕхуӕдӕг, уотӕ е сфӕлдистадӕ дӕр ӕнаййеп нӕй. Нӕййес абсолютон бӕрзӕндӕ еунӕг гъуддаги дӕр!

Фал ес уӕддӕр цидӕр еумӕйаг критеритӕ, хуарз лӕгъузӕй ӕвзарунмӕ нин ка агъаз кӕнуй, уӕхӕнттӕ, ӕма уонӕй рахезун фӕрсӕрдӕмӕ, уони нӕ нимайун ба ӕй фудраконддзийнадӕ. Еци критеритӕй сӕ еу ӕй мӕнӕ ауӕхӕн: финсӕги сфӕлдистадӕн аргъ кӕнун гъӕуй, ӕ тӕккӕ фӕлмастдӕр нӕ, фал ӕ тӕккӕ тухгиндӕр уадзимистӕмӕ гӕсгӕ. Фиццӕгти «цъатати» рӕстӕги думгӕ ниххӕлеу кӕндзӕнӕй, дуккӕгти «хуари нӕмгутӕ» ба байзайдзӕнӕнцӕ федӕни фӕлтӕрӕн, литератури еумӕйаг ӕмвӕзади домӕнтӕн дӕр ма ку дзуапп кӕнонцӕ, уӕд. Витали е 'мдзӕвгитӕй еуеми хумӕтӕги нӕ загъта:

*Поэти ном!..Ци зин ӕй дӕ хӕссун..*

Колити Витали ӕ поэтикон уадзимисти агоруй нӕуӕг фӕггӕнӕнтӕ, мадзӕлттӕ, формитӕ. Тундзуй аййев азӕлди ӕрфитӕмӕ. Раст ӕй еци гъуди, – адӕймаг ӕ царди фӕстаг бони уӕнгӕ дӕр естӕбӕл ахур кӕнуй, бӕллуй ести нӕуӕг базонунмӕ ӕма ӕргъуди кӕнунмӕ. Уотӕ 'й Витали ӕхуӕдӕг дӕр, уотӕ зӕгъуй ӕ зӕрдӕ киунугӕкӕсӕгӕн дӕр. Ӕ уӕлвонг циренӕй гъӕст уод уомӕй нӕ римӕхсуй, ӕвдесуй ин ӕхе, ӕ сагъӕстӕ, ӕ зӕрдихатт ӕргомӕй ӕма ӕдӕрсгӕй:

*Базунд, – хуӕздӕр хуарз а дуйнебӕл ци ес?!*
*Фӕндуй базонун дӕу, кӕд мӕ уагӕ,*
*Дӕ цори – ме 'мдзӕвгӕ, мӕ уоди ӕрхъез,*
*Гъеууоми – мӕ рист, мӕ уарзт, мӕ рӕстадӕ…*

Райгурӕн бӕсти патриот нӕ уогӕй, поэт уӕн нӕййес. Колити Витали ӕ Фидибӕстӕ цӕйбӕрцӕ уарзуй, е ӕ берӕ ӕмдзӕвгитӕй бӕрӕг ӕй:

*Уӕддӕр мин ду цидӕр ӕндӕр адӕ*
*Фӕккӕнис, – мӕ зӕрдтаг Иристон.*
*Ци – дӕ радӕ, ци ба мин – дӕ кадӕ,*
*Уоди хъаурӕ дӕуӕй фӕййистон.*

*Фал кӕрцӕй хӕстӕгдӕр ӕй хӕдонӕ,*
*Еци гъуди мӕ зӕрди хӕсдзӕн.*
*Ӕрцудтӕн ӕз дӕумӕ Дигоронӕй,*
*Мӕлгӕ дӕр Дигоронӕй кӕндзӕн…*

Колий-фурт хуарз арӕхсуй уӕззау психологон, зӕрдӕмӕгъарагӕ рӕнгъитӕ фӕлдесунмӕ:

*О, Елйа,*
*Ӕрмӕ цӕвӕ ӕхсӕй,*
*Утъиртӕн мӕ хуӕрун ма бауадзӕ!*
*Уӕхӕн цӕф, –*
*Куд нирреза тӕссӕй*
*Ӕгас дуйне,*
*Цӕвӕ, мараудзӕ!*
*Иссодзон*
*'Ма цӕфсгӕ фӕттӕхон,*
*Кӕмӕн исдӕн кӕддӕр ӕцӕгӕлон,*
*Гъе уой размӕ,*
*Уӕддӕр ӕвӕсмон*
*Фунукӕй ӕ надбӕл ӕрӕгъзӕлон.*

Ами, фӕстаг рӕнгъи цӕстӕбӕлуайгӕ аййев сорӕтӕй ӕвдист цӕуй архайди гъуди дӕр. Сорӕт ӕма архайди фӕййеу ба хауй поэзий вазуггиндӕр домӕнтӕмӕ. Кӕд Колий-фурти поэтикон тематикӕ урух ӕй, уӕддӕр, ӕвӕдзи, ӕ зӕрдӕ фулдӕр ӕздӕхт ӕй деденвӕлуст «будуртӕмӕ».

Уарзондзийнади лирикӕ ӕй Виталий сфӕлдистади бундор. Уарзондзийнадӕбӕл финст ӕмдзӕвгитӕ кӕд берӕ 'нцӕ, уӕддӕр фӕйнӕхузти, ӕмхузӕн фӕлгонцтӕ си нӕййес, автор ӕхе хезуй еци нӕгъӕугӕ гъуддагӕй ӕма ин ӕнтӕсгӕ дӕр кӕнуй:

*Ду равзурстай ӕндӕр цардӕмбалӕн,*
*Ӕндӕрбӕл исӕвардтай мӕ ном.*
*Кадӕр дин ӕййевуй дӕ Виталий,*
*Кӕбӕл дӕ нур ӕз ба ӕййевон?*

...Поэттӕ ӕрдзӕй игурунцӕ, Хуцауи дзурдӕй, ӕрвон уоддзӕфӕй, стъалути ӕвӕрдӕй. Уомӕ гӕсгӕ боз ан мах абони, етӕ нин Колити Виталий ке равардтонцӕ, уой туххӕй. Фал поэттӕн сӕ исфӕлдистадон разӕнгардгӕнӕг, ӕнӕмӕнгӕ, исунцӕ зӕрдинцойнӕ ин ка хӕссуй, ӕ еци зӕрдтагон хъазар адӕм: бийнонтӕ, ахил, ӕрдхуӕрдтӕ. Ӕма еци хуарзӕй ба Витали хайгин фӕцӕй. Ӕма боз ан ӕ мадӕ Анфисӕй (гъулӕггагӕн, абони не 'хсӕн нӕбал ӕй, рохсаг уӕд...). Боз ан ӕ бийнойнаг Луизӕй, ӕ дзӕбӕх кизгуттӕй, уони цӕуӕтӕй. Виталийӕн устур нифс ке 'нцӕ, сӕ фарс имӕ ке дарунцӕ ӕма 'й нӕуӕг уадзимистӕ финсунмӕ ке разӕнгард кӕнунцӕ, уой туххӕй.

Сӕрмагонд дзубандий аккаг ӕнцӕ, Витали сувӕллӕнттӕн ке ниффинста, еци ӕмдзӕвгитӕ. Ӕрхӕсдзӕнӕн си дӕнцӕн еу къуар зӕрдӕмӕдзӕугӕ рӕнгъи:

*Къиссе-миссе, къӕбӕда,*
*Исӕзманста лӕпъӕда.*
*Ӕфснайун, кенӕ ахур*
*Ӕхсинунцӕ ин ӕ хъур.*

Витали! Зӕрдтагон арфитӕ дин кӕнӕн дӕ фондз ӕма ӕртинсӕйанзон юбилейи туххӕй. Дзӕбӕх, ӕнӕнез уогӕй, дӕ къохти бафтуйӕнтӕ устур исфӕлдистадон ӕнтӕститӕ. Дӕ уарзон адӕм, дӕ хъазар Иристон ӕма Дигорӕ ди сӕрустур уӕнтӕ, дӕ цӕуӕти рохсӕй бафсӕдӕ, дӕ бӕдӕлтти бӕдӕлттӕ ба адӕми сӕр исуӕнтӕ, уотемӕй дӕ сӕдӕ анзей сӕрти ракӕсӕ!

* * *

*РЕДАКЦИЙӔЙ: Колити Виталий ӕмдзӕвгитӕ ӕма цубур радзурдтӕ кӕсетӕ 6-7-аг фӕрстӕбӕл.*



# «ТÆККÆ СÆЙРАГДÆР – РÆСТУОДÆЙ ЦÆРУН!..»

**Колити Витали е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финсуй: «*Рохси цъита зиннуй арвгæронæй, // Евгъуйуй ироннхуатмæ изæр. // Раст цума еци рохс римæхст рони // Æрхæсдзæй цидæр нифс мæнæн дæр...*» Аци гъуди, æвæдзи, хауй адæймаги ирисхъæмæ дæр – куд каргундæр кæнуй, уотæ æ цардвæндаги хабæрттæ æма цаутæн домагæдæр аргъ кæнун байдайуй. Уомæ гæсгæ нæ бафæндадтæй Колити Виталимæ дæр æ юбилейи хуæдразмæ æ карни фæдбæл цалдæр фарстæй раттун.**



**– Карæмæ ци цæстæй кæсис?**

– Мæ карæ лæги карæ бæргæ 'й, фал æнæуой ба...

**– Дæ ниййергутæ...**

– Мæ фиди дзæбæх нæ гъуди кæнун, мæ мадæ ба – Текъойти Генай кизгæ Анфисæ. Фонси дохтир, фæккуста колхози хутæдарæн ферми сæргълæууæгæй, уой фæсте ба Æхсæрисæри гъæусовети сæрдарæй. Æнæуой ба айдагъ царди нæ, фал исфæлдистади дæр мин мæ гъомбæлгæнæг, мæ нифсдæттæг.

**– Дæ бийнойнаг – æ кой ин ахид ку ракæнис де 'мдзæвгити...**

– Раги фесавдайнæ æнæ уомæй. Раздæр мæбæл е æхцулдæр адтæй, нур ба æз æ цæрайæй цæрун.

**– Дæ кæстæртæ?**

– Ес мин фондз кизги æма æхсæз кæстæри кæстæри, æнгъæлдзау ма дæн æвдæймагмæ. Зæрдæмæдзæугæ поэт ми нæ раудадæй, фал ми уарзунгъон «баба» ба, мæхемæ гæсгæ, раудадæй, кæд мæбæл мæнгæ цийнитæ нæ фæккæнунцæ, уæд. Уæддæр кæмæндæр нифс ке дæн, уомæй боз дæн мæхецæй.

**– Цардвæндагбæл рæствæндаггæнгутæй еу æй ахургонддзийнадæ...**

– Каст фæдтæн Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети филологон факультет 1982 анзи.

**– Кæмити кустай?**

– Фиййауæй райдæдтон æма журнал «Ирæф»-и сæйраг редактори хуæдæййевæги уæнгæ исхъæрттæн.

**– Финсæги хъазауат цæмæн равзурстай?**

– Мæхецæй аразгæ нæй. Хуарз æй лæдæрдтæн – финсæги гонорартæй хæдзарæ дарæнтæ ке нæййес, уой дæр, фал, дан, æрдзæ ци исаккаг кæна, уобæл фæлхæтæн нæййес.

**– Дæ фиццаг æмдзæвгæ кæми ниммухур кодтай?**

– Абони дæр ма удæн хъæбæр хъазар ка 'й, Ирæфи райони еци газет «Ленинон»-и.

**– Куд дæмæ кæсуй, ести дин бантæстæй исфæлдистади?**

– Зæрдæмæдзæугæй неци удессагæй. Уобæл æй мæ устурдæр гузавæ, уобæл æй мæ тухст дæр, фал, дан, æнгъæлдзау, нæ фæллайуй. Кæдимайди ба мæн уоди цæхæр дæр еске батавидæ.

**– Уæхæн домагæ цæстæй дæ исфæлдистадæмæ, æвæдзи, уомæ гæсгæ кæсис, æма дæмæ ес циуавæрдæр тæразæ – æндæр кедæрти исфæлдистадæ. Æма дæ уарзондæр фингутæ ка 'нцæ?**

– Малити Геуæрги, Багъæрати Созур, уæдта нæ нури фингути фæлтæр. Ме 'мдогæнттæ, ме 'мбæлттæ.

**– Исфæлдистадæ цийфæнди агъазиау бунат ку ахæсса финсæги цардиуаги, уæддæр ирисхъæ берæ æндæр, хумæтæг менеугутæй арæзт цæуй. Æма царди дин нифсæнцойнæ ка 'й?**

– Мæ бийнонтæ, мæ кæстæртæ, аллибон ке хæццæ æмбæлун кусти дæр æма царди дæр, етæ.

**– Дæ уарзон æмбесонд?**

– «Цæмæй дæ адæм уарзонцæ, уой туххæй бал сæ дæхуæдæг бауарзæ. Еунæг мехбæл кауæ бийæнтæ нæййес...»

**– Ахиддæр ци æримисис?**

– Мæ сабийбонтæ мин хъæбæр хъазар æнцæ, кæд си уадессаг хиццагæй неци адтæй, уæддæр. Мæ мадæ мæ зæрдæй некæд цох кæнуй. Мæхе æфхуæрун, æ берæ хъиамæттæй ин бахатунгъон ке неци исдæн, е мæ æвдирзуй æ фæсмæрдæ. Мæ фæстаг киунугæй ин æ рохс ном ке иссирдтон, уомæй еу гæзæмæ æнцондæр фæцæй мæ удæн.

**– Естæбæл фæсмон кæнис?**

– Берæ цæбæлдæрти. Цардæн фæстæмæ æздахæнтæ нæййес, æндæра берæ цæбæлдæрти мæ къох исесинæ, æцæг, айдагъдæр исфæлдистадæбæл ба – нæ.

**– Знæгтæ дин ес?**

– Знæгтæ мин, мæхемæ гæсгæ, нæййес, æдзæстуарзæнтти туххæй дзорун ба сæрмæхæссуйнаг нæй. Сæ тæрегъæд – сæхе!..

**– Дæ уарзон зартæ?**

– Нæ бæгъатæртæбæл конд ка 'рцудæй, етæ. Ес мæхемæ дæр ме 'мдзæвгитæбæл арæзт еу-инсæй зарей бæрцæ. Рæстæггайти сæмæ нæуæгæй байгъосун.

**– Дæ уарзон ниуæзтæ?**

– Нæхе Дигоргоми сауæдæнттæ армитъæпæнæй ниуазун.

**– Дæ уарзон хуæруйнаг?**

– Мæхуæдæг ке искæнон, еци хинкъалитæ.

**– Цийфæнди ку уа, уæддæр дин адæми царди бæлвурд бунат ка ахæссуй. Æма имæ ци цæстингас дарис?**

– Зæрдибунæй фæккову нæ Дигори изæдтæмæ, табу син уæд!

**– Дуйней исконд уотæ 'й, æма си цардæн райдайæн куд ес, уотæ ин си, гъулæггагæн, кæрон дæр ес. Æма ци цæстингасæй кæсис мæлæтмæ?**

– Мæ хеуонтæ, мæ ирон-дигорон адæмæй макебал рамæлæд мæ фæсте, зæгъæ, уотæ ку уайдæ, уæд тæккæ нуртæкки дæр арази дæн еци æносон дуйнемæ нæхстæр кæнунмæ.

**– Де 'мдзæвгитæй еуеми уотæ зæгъис: «Ку нæ дæн арфæгонд исонбонæй // Æзинæй ку нæ удзæй хуæздæр. // Уæд имæ ци цæун зæрдигонæй, // Уæд имæ цæмæ кæсун æнгъæл...» Етæ евгъуд æнцæ, фал дæмæ нæуæг фæндитæ æма бæлдитæ дæр куд нæ удзæнæй...**

– Фæндитæ æма бæлдитæ Хуцауи равги 'нцæ. Мæн ба фæндуй дигорон театрæн пьесæ ниффинсун æма мæ нæуæг æмдзæвгитæ æма радзурдтæ хецæн киунугæй раудадзун. Кæд мæ маддæлон æвзаги идарддæри ирæзтæн ести пайда исуа мæ исфæлдистадæ, уæд мæ цард бустæги æгудзæгæй нæ батар кодтон...

**– Æма дин бантæсæд, зæрдрохс куд уай алцæмæй дæр!..**

## «ÆХСÆРИСÆР, ÆДТА, ЦИ БÆЛДТАГ ДÆ, ЛÆГИ ХЪÆУРÆ ДÆУÆЙ ФÆЙЙИСТОН...»



Фарæ Æхсæрисæри дзиллæ рахастонцæ унаффæ, цæмæй нисангонд æрцæуа, «Æхсæрисæри кадгин гражданин», зæгъгæ, ном. Фиццагидæр лæвæрд æрцудæй зундгонд ахургонд Цъугкити Барис æма поэт Колити Виталийæн. Етæ дууемæй дæр сæ арфиаг гъуддæгутæй цитгин кæнунцæ сæ уарзон гъæубæстæ.

Зæгъæн, Колий-фурт Æхсæрисæрбæл ци æмдзæвгитæ ниффинста, уой фæрци æй берæ æндæр рауæнти цæрæг адæмти цæсти дæр цитгин. Мадта Æхсæрисæрмæ тæккæ бацæуæни гъæуи ном финст æй устур дамугъатæй, æ фарсмæ ба – устур фæйнæггонд æма ибæл бакæсæн ес Колити Виталий финст æмдзæвгæ Æхсæрисæри кадæн (æмдзæвгæ абони мухур кæнæн 6-аг фарсбæл).

Цъугкити Барис æма Колити Виталийæн «Æхсæрисæри кадгин гражданин»-ти нæмттæ дæттуни мадзали ист къари æнцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): **Колити Виталий кизгæ Люди фурт Аслæнбег**, **Витали**, гъæусовети администраций сæргълæууæг **Дзидзойти Тасолтан**, Æхсæрисæри астæуккаг скъолай ахурдзау **Етдзати Рустам** æма **Цъугкити Барис**.



***ГÆТИЙТИ Альбинæ, педагогон наукити доктор, профессор: «Æхцæуæн мин æй, æгайтима номдзуд Малити Геуæргий фæсте дигоронау ка финсуй, уæхæн искурдиадæгин поэттæ нæмæ ес, æма нин етæ не ’взаг исæфун нæ уадзунцæ. Уонæй ба еу æй Колити Витали. Æма ин арфæ кæнун æ цитгин юбилейи фæдбæл. Æ ном игъусæд æностæмæ»!***

# «МÆ РОХС СÆНТТÆ, МÆ ÆЦÆГТÆ...»

## БИЛÆГИ ДОН

Арви цъæх нирримæхсгæй дæ хурфи,
Фæууадзгæй и уæлтегътæ Билæг.
Рæсугъдадæ ку ’сеу æй дæ гулфи,
Цæмæн æй дæ хауæн уæд ниллæг?..

Тугул дортæ цæхъалти нихъолгæ,
Кумæ кæнис æдзох æмпурсæн.
Зуриуæттæ билгонмæ æнцъолгæ,
Куд нецæмæй дин ес фæттæрсæн?..

Батухтай дæ уолæн цилле хизи,
Дæ уиндæ дæр цæстæн æхцæуæн.
Бацæугæй агайнæгтæ дæ хузи,
Æрковунцæ ниллæг Æхсæуæн.

Хуæздæр дзенет цæстæ ку нæ коруй,
Æцæг дзенет ку æй дæуæн уагъд…
Уæд дæ зæрдæ будур куд агоруй,
Цæмæн имæ кæнис уотæ тагъд?

Цæстисугау – кæдзос дæ æртæхтæ, –
Дæ фалдзостæ кæнгæй рæдзæхсæн.
Æви кæмтти уиндæй исзæрдцъæх дæ,
Фал куд ес нæ хуæнхтæй æртæсæн?..

Дæ дони ’схупп лæгæн уоди хуасæ,
Æрмæстдæр… Еунæг уой ди корæн: –
Адæмæн сæ риститæ фæлласæ,
Дæ рæсог ба уадзæ Дигорæн…

* * *
Тæходуйаг, дæ гъæбеси
Ке рæвдаудзæнæ фæлмæн.
Æз ба уотид ме ’стур деси
Еугур фахъæра ниддæн.

Мæ зундæй æй ку лæдæрун, –
Ке некæд уодзæнæ мæн,
Уæддæр дæмæ куд фæббæллун,
Ке бафарстæуа: – цæмæн?

Барвæндонæй дæ цагъайраг,
Цæмæн ниддæн – ихæлдзæн.
Мæ сæр фæууа мæгурдæйраг,
Дæумæ тайгæй ка мæлдзæй.

Ци ’й дæуæн? Дæ цард дæ барæ,
Æвгæрдуй мæн ба æрхæн.
О, мæ уоди гъезæмарæ,
О, мæ зæрди сонт тæлæн…

## ЗАР

Хорискасти сæумæраги
Нарæг надбæл æмбæлгæй,
Нæбал фæййерун мæ уагæ,
Испæртт кæнун адæргæй.

**Базард**
Содзæ-содзæ арт, мæ реуи,
Пеллон калæ – æвеллон.
О, мæ зæрдæ, цæй, ци ’сцъеу дæ, –
Бауарзтон куд – сувæллон.

Дæ уиндæ мин нифси хонх æй,
Фестадтæ мин бæлдтаг фун.
Мæхе ном дæр ми феронх æй,
Дæ мæтæй ба – æстъæлфун.

Мæ рохс сæнттæ, мæ æцæгтæ
Арф мæ реуи нигæндзæн.
Дзорæ-дзорæ дæ мæнгæттæ,
Уæддæр дæбæл æууæнддзæн.
Сугъд цонгбæл ма ресгæ-ресгæй,
Ку никкæнай тæвдæ дон.
Дæ дзурдтæ мин, мæ зæрдресгæ,
Раст уой хузæн: О, мæ бон!

Мæ зæрдæбæл арф никъæттæ
Мабал уадзæ, о, ме рхун.
Фæлтау дзорæ мин мæнгæттæ,
Æнцондæр мин – æууæндун.


Анфисæ æ фурт Витали æма æ киндзæ, æ фурти цардæмбал Луизи (Гæбæйрати Дземуси кизгæ) хæццæ.

**Колити Витали æ исфæлдистади алцæй разæй дæр уæлдай зæрдæмæгъаргæ зæгъуйнæгтæ зæгъуй æ хъиаматгун мадæ Анфиси (Текъойти Генай кизги) туххæй. Колити Витали берæ æмдзæвгити еруй æ ниййерæги рохс ном, сауæнгæ ма исаразта, «Дæ армитъæпæнтæ», зæгъгæ, цикл дæр. Уомæн æ раздзурди финсуй уотæ: «Уæ ниййергутæ бон фулдæр цæмæй фæццæронцæ, уобæл уæ уодтæ гъаретæ…» Абони мухур кæнæн еци циклæй еу æмдзæвгæ.**

## НИФСÆВÆРÆН

Цæбæл æй дæ гузавæ, мæ Мадæ,
Ци дæ кайуй мæ уоди æрхæн? –
Æрæллау уо, мæ цори æрбадæ,
Поэтæн некæд ес, нæ, мæлæн.

Кæмæн кæнуй мæйæ фæлмæн батæ,
Хорискастмæ ка æй æнгъæлдзау,
Уой абони, зæгъай, рæсæнуати
Куд ралгъета Сфæлдесæг Хуцау.

Ке дауй цъетедон æ лигъз армæй,
Кæмæн ковуй Уаза æ сæрæй,
Æ Дигорæ фуртау уотæ уарзгæй,
Куд фæгъгъæуа айтид æхсæнæй.

Мабал кæнæ гузавæ, мæ Мадæ,
Мæ дæ хуæрæд мæ уоди æрхæн.
Бауолæфæ, ма тухсæ, ме ’вдадзæ,
Поэтæн некæддæр ес мæлæн...

***2006 анз, сæйгæдонæ***

## РАГИМИС

Евдæлон бадт кæнуй тъæпæн мегъæ,
Дæвдæг муркъæ лæууй æмирæй…
Карз бурдæн! Зæрди маст нирræуегъæ, –
Фæххуæздæр уа ме ’сон мæ нурæй.
Сайд бæлдитæ æма ходгæ бакаст,
Алцæмæй дæр си æз сæлæт дæн.
Куд æрцудæй мæнмæ мæ фиццаг уарзт,
Æрцæудзæнæй уотæ мæлæт дæр.
Мæн бæлдæ ба реуи нинносон æй,
Тар-талингæй уинун мæ исон.
Æнгъалдтон, – кæд мæлæт æносон æй,
Уæд уарзт дæр уодзæнæй – æносон.
Рист сагъæстæй мæ сæр ниддæнгæл æй,
Дæ фæсте уодагъайæй тъифсун.
Цæмæн ди æз фæдтæн фудæнгъæлæ,
Цæмæн уотæ сайдта мæ мæ фун?
Æз де ’ной нур кæнгæй агæлæнтæ,
Куд нæ гъаруй дæумæ мæ хъурдох.
Ци хузи мин кæнис фудæнæнтæ,
Куд мæбæл исистай уæд дæ къох…
Тæходуй! Кæмæн ес артæндзæрæг,
Кæмæдæр ка фæууй æнгъæлгæс.
Мæнæн ба æнæ арт мæ хæдзарæ,
Мæнæн ба сахуазал æй мæ къæс.
Имисун ма бæргæ дæ фæлмæн каст,
Бонæй-бонмæ кæнгæй – бонвуддæр.
Райевгъудæй мæнæн мæ фиццаг уарзт,
Æнгæрон нæ цæуй мæлæт дæр.

## ÆХСÆРИСÆР

Æхсæрисæр, æдта, ци зæрддаг дæ,
Æвдадзау æй мæнæн Сæхолдон.
Æхсæрисæр, æдта, ци бæлдтаг дæ,
Лæги хъаурæ дæуæй фæййистон.
Де ’стур фарнæй алкæд сæрустур дæн,
Фæццардтæн дæ нифсæй кæд æдзох,
Уæд дæбæл куд кæнон устур зæрдæ,
Уæд дæбæл куд исесон мæ къох.

Идард надбæл мæ тухсти, мæ зини,
Дæуæй фæуун æрмæст сомигъон,
Нæ мин ес æнæ дæуæй æзинæ,
Нæ мин ес æнæ дæуæй исон.

Сувæллонау дæубæл æрхъанбаст дæн,
Зæрдæй дæр, уодæй дæр, æз дæу дæн,
Кæд фæууй æфсæдæн мади уарзтæй,
Уæд мин ес дæуæй дæр æфсæдæн.

Иронхуати мæнæй некæд уисæ,
Дæ цæрайæй цардтæн, дæ кадæн.
Хуарз байрайæ мæ гъæу, Æхсæрисæр!
Æнæнез мин уотæ, мæ адæн!

## БÆГЪÆНБАД КИЗГÆ

Кедæр кизгæ тагъд мæ рæзти
Бæгъæнбадæй æруадæй.
Уолæфттæн ма тухфæрæзтæй,
Рафæлорс дæн ивадæй.

Æ гурикондд, æ цæрдæгæй
Фæууагъта мин фудæрхæн.
Фæсалæмæ мæ кæрдæгæй
Нæма фæууидтон уæхæн.

Æрвæрттивдау нæ фембæлдæ,
Нæ хецæн ба æносон.
Æ цæстингас, æ фезмæлдæ
Дардзæнæн реуи носæн.

Ци фæккæнон мæ резæнгæ,
Кæдмæ цæрдзæн сахъаттæй.
Кæд æма мин бæгъæнзæнгæй
Мæ зæрдæбæл ниххаттæй…

* * *
Ех дони мæ ниффæлдайæ,
Уæддæр уодзæнæ ме ’рхун.
Зæрдæ, зæрдæ нæ фæллайуй
Дæумæ бæллунæй æппун.

Тулкайæй мæ ниллæхорæ,
Ниммæ кæнæ листинсад,
Æрмæстдæр мин ма фæссорæ
Мæ рист реуæй дæумæ уарзт.

Куд райевгъуис мæ цорти,
Кумæ фæттæхис маргъау,
Дæумæ хуæргæй били цортæ,
Кæдмæ кæндзæн уодагъай.

Ку батадтæн тæхсгæ мастæй
Дæумæ бæлгæй æдзохæй,
Уæд де ’нгаси еу фæккастæй
Цæмæн райзайун цохæй…

## МÆРЗОЙТИ АЛАНИ МОНОЛОГ

Рохс цардмæ кæсунæй æфсес ка нæ зудта,
Рæстæг æхе уодмæ кæмæн некæд хъæрттæй.
Уобæл мин цирткъахæг кири сæр нихгæдта,
Уобæл æ рохс дуйне æвваст рафæлхæттæй.

Æдзох нæ цæрайæй ци мадæ фæццардæй,
Æппун æнæ махæй къæбæр ка нæ хуардта,
Е ми æнæнгъæлти æносмæ райдард æй,
Е мин мæ бæлдитæ думгæмæ ниддардта.

Росбæл мæ цæстисуг никки фæддувæр æй,
Нур ма мæ рист зæрдæ рæсуд æ тæппалæй.
Дардтон ма мæ зæрдæ кæстæр æнсувæрбæл.
Æма мин æдзардæй е дæр ку нæбал æй.

Дардтон ма мæ зæрдæ, уодзæй, цид, мæ фарсмæ,
Æма уой нивæй дæр ку нæбал байрадтæн…
Адзал, ци дин зæгъон, дæ еци хевастæй
Мæн бал рауагътайсæ, хестæр æз ку адтæн.

Хуцау! Ци дин кодтон? Мæ фуд ци ’й дæ рази,
Кæд мин естæбæлти кæнис фудæнæнтæ…
Хуцау! Ци дин кодтон? Куд уон ди арази,
Мæнæн куд цæргæ æй æд зин, æд æрхæнтæ?..

Æхсæви маройтæ, сау зæнхи æрхæнтæ –
Абонæй фæстæмæ – мæ цардæн æ уагæ.
Кæрæдзей хуæдфæсте мæри хай бацæнцæ
Мæ мадæ, ме ’рвадæ – зæрди дууæ таги.

Циртити уæлсæргъæ тæрхон ку фæккæнун,
Сæ цори æрлæугæй, æдзæм, мæрдивадæй.
Кæбæл си фиццагдæр мæ къох æз байвæрон, –
Сæ еу мæ ниййерæг, иннæ ба ме ’рвадæ…

Бонæй хори рохсмæ агордзæн мæ мади,
Содзгæ цæстисуг ба æппун нæ исусдзæй.
Изæри мæйрохсмæ дзиназдзæн: – ме ’рвадæ!..
Æрмæст уонæмæ ба мæ гъæр нæ игъусдзæй…

Æй бæсти мæ зæрдæ дууех ку фæууидæ,
Мæ хъарæ мæ реуи æвваст æрбасастæй.
Мæ мадæ, ме ’рвадæ, – нифс ми кæмæй уидæ,
Кæрæдзей фæсте сæ адзал ку фæххаста…

**Уæрæсей аййевæдти æскъуæлхт архайæг, Уæрæсей адæмон артисткæ, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Бритъиати Елбиздихъой кизгæ Зарифи райгурдбæл 13 январи исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-2001).**

*БИЧИЛТИ Алетæ, Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонг: «Колити Витали зингæ байвæрæн хæссуй Иристони аййевадон литератури сугъзæрийнæ къæбецмæ. Федарæй лæууй нæ номдзуд поэтти æмрæнгъæ. Финсуй фæлмæн, æнцон лæдæрæн æвзагæй. Æ дессаги лирикон зæлтæ адæймаги зæрди хецæн бунат иссерунцæ».*

## КОЛИТИ Витали

# ТАУСТÆ

## ЦАРДИ ÆРЦÆУГÆ ЦАУТÆ

### ЗАММАНАЙ «ЖЕНЩИНÆ»

Таулий ставд бæрзæййи цæхгæрмæ хæнхитæ ма зиннонцæ, уой туххæй æппунæдзохдæр дардта даргъ дзиккотæ. Берæ уайдзæфтæ ин бакæниуонцæ, гъома, нæлгоймагбæл даргъ сæригъун нæ федауй, зæгъгæ, æма сæ нилвинæ, фал син сæ дзубандитæ нецæмæ дардта.

Уотæ рауадæй æма Æхсæрисæри зиани угæй, фездахтæй æ мади æрвадтæлтæмæ. Æ хеуонти æхсæзанздзуд биццеу Алани æ гъæбесмæ исиста æма ибæл цийнитæ кæнуй.

Биццеу имæ дзæвгарæ рæстæгути æдзинæг фæккастæй, уæдта ин æ дзиккоти кæрæнттæ æривазта æма дин æнæнгъæлти уотæ ку фæккæнидæ: Таули! Дзæбæх даргъ дзигкотæ дæбæл ес, нур ма дæбæл гъосицæгтæ бакæнæ, уæд замманай «женщинæ» уисæ...

Изæрæй Тауили сæхемæ бацудæй еугур гæмæх æлвидæй...

### УАРЗТ

– Не ’фсийнæ! Хуцауæй дин ард хуæрун, мæн бæрцæ дæ неке уарзуй аци уæлион дуйнебæл, – æ мæлгъæвзаг бабæй рагæлста Таули.

– Æма цæмæй бæрæг æй дæ уарзондзийнадæ? Дæ хуæрзтæ мæбæл кæми нихъхъæбæр æнцæ, – хинцфарст æй ракодта æ уосæ.

– Уæллæй, дæуæн бози куд неци цæуй. Иннæ лæгтæ сæ уостити сæ хæдзæрттæй тæргæ кæнунцæ, æз ба дæ мæтæ кæнун æппунæдзох дæр. Сауæнгæ ма дин нæ мади фарсмæ уæлмæрдти бунат дæр ниууагътон!..

– Æнæбайрайгæ си искæнæ!

– Кæмæй? Мæ мадæй æви бунатæй?

– Гæнæн кæд ес, уæд сæ дууемæй дæр, – фæццурд æй æ уосæ дæр.

### ÆГУСТÆЙ МÆ НÆ НИУУАДЗДЗÆЙ...

Таулий мадæ, цæрæнбонти кустахур ка адтæй, уæхæн силгоймаг, æ зæронди бонти дæр еу рауæн æнцад бадун нæ фæразта.

Æма ма гъа æхуæдæг ци ’й фæндуйдæр фæуууæд, фал Таулий дæр æнæмæнгæ ести кустбæл æнæбафтаугæ нæ фæууидæ, е ба кустмæ гæдзæгæнагæ игурд адтæй.

Еуухæхени бабæй цидæр гъуддаг æ зæрди æрæфтудæй мадæн æма аййевæй дзоруй æ фуртмæ: – Таули, аци бон мæнæ нæ кæркдонæмæ базелæн, зæгъгæ.

– Нæ мадæ, нихххатир мин кæнæ, фал ку рамæлай, уæддæр мин мæрдтæй дæр косун кæндзæнæ, æвæдзи, мæсттъæлланг фæккодта Таули. Е ’схъæл дзурдмæ ма имæ сауæнгæ æ биййнойнаг дæр бауозгалдта: – Нур дæ мадæн куд бандиудтай, уæхæн загъд зæгъун...

Берæ нæбал рацудæй, уæдта Таулий мадæ е ’цæг дуйнемæ æностæмæ рандæ ’й. Райевгъудæй цалдæр анзи, уæдта Таули еу бон æ биййнойнаги хæццæ уæлмæрдтæмæ ниццудæй цыртмæ базелунмæ. Адтæй тæвдæ бон. Таулийæн æ хед е ’скъелтæй мезуй, уотемæй кæрдæгутæ тонуй. Ку бафæлладæй, уæдта цирти цори бадæнбæл æрбадтæй æма æ уосæн уайдзæфгæнæгау бакодта. Нæ дин дзурдтон, мæрдтæй дæр мæ æнæкосгæй нæ ниууадздзæнæй нæ мадæ, зæгъгæ, – дæуæй ба не ’руагæс кодта... æма æ хед æ тæрнихæй расæрфта...

* * *

Таули æ кизги биццеуи хæццæ уæлмæрдти рæзти фæцæйцудæнцæ. Аслан циртитæмæ æдзинæг никкæссидæ, Хуцау æ зонæг, цæбæл гъудитæ кодта, уæдта æ бабамæ дзоруй:

– Баба, ду зундгонд финсæг нæ дæ?

– Дæ зæрди мин ести ес хуарз ракæнунмæ, бæдолæ, – хийнæфарст æй ракодта Таули.

– Гъо! Баба, ку рамæлай, уæд дин циртдзæвæн мæхуæдæг æвæрдзæнæн. Уодзæнæй ибæл дæ хузист къахæй сæрмæ, дæ къохи ба киунугæ, уотемæй.

– Хуцауи фæрци дæ устур циртдзæвæн æвæрун нæ багъæудзæй, – хæрдмæ дæр мæ бæрзæндæ метр, размæ дæр мæ губун – метр, æнæуой ба ди Хуцау исарази уæд, мæ зæрдæ мин хъæбæр барохс кодтай, – бахъур-хъур кодта Таули...



ГАДАТИ Лазæри конд скульптурæ.

### ФÆДЗÆХСТ

Таули æхуæдæг дæр, уæдта æ биййнойнаг дæр киристон динбæл хуæст æнцæ.

Еу изæр синхи цæргутæ бамбурд æнцæ æндегæй синхонти къелабæл æма фæйнæ-фæйнæ дзубанди ’й кодтонцæ.

Алке дæр си æ зæрди фæндæнтти кой кодта. Таули сæмæ лæмбунæг фегъуста, уæдта син уотæ зæгъуй:

– Мæнмæ ба мадта еунæг фæндæ ес мæ синхмæ æма мин мæ уосиат исæнхæст кæндзинайтæ, ку рамæлон, уæд.

Зонун æй, мæн кири æвæрдзинайтæ, уой, фал уи хъæбæр корун, мæ уоси ба мин пусулмон æвæрд бакæндзинайтæ æ фарсбæл...

Е ба куд æй, цæмæн уотæ ба?

– Уæлæбæл си мæ сæрæн нæбал адтæн æма ма ’й уоми дæр мæ фарсмæ ку фæууинон, уæд мæрдти дуккаг мард кæндзæнæн, – хийнæхудт бакодта Таули.

### УÆДТА МА...

Таулий синхи цардæй еу æнæбæзгæ лæг. Алцæбæл дæр дугъ-дугъ кодта, алкæмæдæр ести фаутæ хаста. Уомæ гæсгæ ба неке зæрдæмæ цудæй. Фал зианмæ цæугæй, кенæ хисти, киндзæхсæвæри угæй ба Таули алкæддæр æрмæстдæр уой цори бадидæ.

Лæг æхуæдæг дæр лæдæрдтæй, адæмæн еминæ ке ’вдесуй, уой æма еу хатт ба Таулий æрфарста:

– Таули, иннетæ ми сæ уодхæссæг ку уинунцæ, уæд мæбæл ду ба уотæ æновуд цæмæн дæ? Гæр, уотæ зæрдтагон дин дæн, алкæд мæн цори цæмæ фæббадис?

– Неци уæлдай æхсицгондæр мин дæ, æрмæстдæр тæрсгæ фæккæнун.

– Уагæри цæмæй?

– Уæдта ма фингæбæл бадгæй, е фæндагбæл цæугæй ести кодтай, уæд мæ разæй еске ку фæууа дæ цæститæбæл бахуæцунмæ, – хийнæхудт бакодта Таули.

### МАДТА МА ИН...

Дудуйæн æ синхон фæззиан æй æма уомæн дзоргæ рауадæй кири уæлгъос. Куд фæууй, уотæ ’й феппæлдтæй, æ уæлион царди ци нæ адтæй, уомæй дæр.

Фæстæмæ æ бунатмæ ку бацудæй, уæдта имæ æ иннæ синхон Муса æхе бахадта æма ин уотæ зæгъуй: «Дуду, хуарз ибæл радзурдтай, фал æгæр цубур». «Мадта ма ин æ лæгъуздзийнæдтæ ку дзурдтайнæ, уæдта мæ еу – дууæ сахатти дзорун гъудайдæ», – æ дзубанди балхий кодта Дуду.

### УÆЛÆБÆЛ ЦИ НÆ АДТÆ

Мард, дан, æнæ ходгæй нæ цæуй, зæгъгæ, фæззæгъунцæ.

Тæта ку рамардæй, уæд ибæл Барисæн дзоргæ рауадæй.

Хъæбæр си феппæлдтæй – Дзубанди ку фæцæй, уæдта имæ Ахтол æхе разилдта æма ’й æппæлунтæбæл исхуæстæй, гъома, хуарз исарæхстæ, зæгъгæ.

Уæд дин имæ Барис æхе æвваст фæххатта æма ин уотæ:

– Ахтол, ду ку рамæлай, уæд дæбæл æз дзорун нæ бакомдзæнæн...

– Уæд цæмæннæ?

– Дзоруйнагæй дæбæл неци ес æма уомæн нæ!..

– Нæ, уæддæр мардæй лæгъуз зæгъун нæ ’нгъезуй, – нæ састæй Ахтол.

– Гъо, уæлæбæл уодæгасæй ци на ’дтæ, мардæй ба ма уой исуодзæнæ, – æ дзубанди балхий кодта Барис...

### КИНДЗИТÆ МА ФЕРОНХ КÆНÆ

Таулийæн æ синхонти уосæ фæззиан æй æма ин кири сæргъи дзоргæ рауадæй. «Оххай – еске ку феронх кæнон», – зæгъгæ, Таули рамæлæг силгоймаги кизгуттæй еуей еуварсмæ рахудта æма ин балæдæрун кодта, гъома, арфæ ракæнун кæмæн æмбæлуй, уони мин зæгъæ.

– Нæ киндзитæн! – æвваст фæййарæхстæй Беллæ.

Нур Беллæн е ’нсуварæн ба адтæй еуæндæс уоси.

– Нæ, уонæн арфæ ракæнун ба мæ бон нæй. Айдагъ син сæ нæмттæ ку фæннимайон, уæддæр мæ еу сахат багъæуд-зæй, – батухстæй Таули.

### МÆН БÆРЦÆ ДÆ НЕКЕ УАРЗУЙ

Таулийæн æ биййнойнаги райгурæн бон бæрæг кодтонцæ сæ хæдзари æма куд фæууй, уотæ ин алли арфитæ фæккодтонцæ. Таулий цъухæй еци изæр хъипп-сун дæр не ’схаудтæй.

Дуккаг сæумæ уосæ æппæлуй æхецæй: – Фæууидтай, етæ мæ цæйбæрцæ уарзунцæ, уой?

– Етæ дæ æрмæстдæр цъухæй уарзунцæ, æз ба гъуддагæй!

– Гъома, куд?

Етæ дин дæ цæрæнбони туххæн агувзи æмбестæй баниуазтонцæ, æз ба цайцумæни ’дзаг æ тæккæ бунтæй райевдæлон кодтон. Нур ба ибæл дæхуæдæг расагъæс кæнæ, кæмæн хъæзардæр дæ, уобæл, – фæццурд æй Таули.

### ЕУ ГРАФОМАНÆН

Мæ лимæн финсæг мæмæ е ’хсæзæймаг киунугæ æрбахаста æма мин уотæ зæгъуй: «Бакæсай æй æма мин дæ гъуди зæгъæ!»

Киунугæ бакастæн æма ин дзуапп равардтон: «Фиццаг киунугæ ку ниффинстай, уæд мæ зæрдæ бадардтон, деæ бон финсун ке æй, уобæл. Нур дин мæнæ де ’хсæзæймаг киунугæ бакастæн æма ми байруагæс æй, – дæ бон финсун ке нæбал æй, е...»

### ЗИНДОНÆ

Таули сæумæй райгъал æй, æхе рахснадта æма еци зæрдунгæгæй æ биййнойнагмæ дзоруй:

– Не ’фсийнæ! Æдосæ нæ мади мæ фуни уидтон. Хъæбæр ин фæхъхъуритæ, фæббатæ кодтон æ ростæн, уæдта ранæхстæр ан еумæ.

– Æма кумæ рацудайтæ? – тарст фарст æй ракодта æ уосæ.

Æз фæстæмæ мæнæ дæ цормæ – зиндонæмæ раздахтæн, нæ мадæ ба, æвæдзи дзенетмæ, – арф нийнæфгæй, дзуапп равардта Таули...

### АРФИАГ

Таулий биййнойнаг зæрдæхсайагæ уоди хецау адтæй, æ лæги алли къахдзæф дæр гъæуама зудтайдæ.

Еуухæхени ба ин еу æнæзонгæ силгоймаг Таулий туххæн арфитæбæл исхуæстæй, гъома, хуарз адæймаг æй, багъæуæги тухст лæги цори балæууинæ, фенхус кæнунмæ ин æ раз неке райсдзæнæй. Æз си хъæбæр боз дæн æма ин мæ номæй хъæбæр райарфæ кæнæ!

– Куд кæсун, хуарз уосæ, уотемæй си ду мæнæй боззагдæр дæ æма ин дæхуæдæг райарфæ кæнæ, – æ дæндæгути къæс-къæс иссудæй, уотемæй ма исфæразта Таулий уосæ.

**Зундгонд поэт Олег Шестинскийи райгурдбæл 1 январи исæнхæст æй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1929-2009). Уруссаг æвзагмæ тæлмац кæнидæ Иристони поэтти уадзимистæ.**

*А вы тоже заметили, что каждый начальник любит пунктуальных подчиненных утром и почему-то ненавидит их вечером?*

*Когда Дима встретил Катю, то подумал: ему очень повезло. Но со временем он понял, что повезло тем, кто ее не встретил.*

*Собаки – очень умные животные. Вот вы когда-нибудь видели, чтобы собака фотографировала кость и отсылала другим собакам?*

## ДÆ ЦАРДГЪОНДЗИЙНАДÆ ДÆХУÆДÆГ БАЗОНÆ ÆРГОМЗÆРДÆЙ!..



# ФÆРНÆЙДЗАГ УÆД НÆ АЛКЕ ЦАРД ДÆР!..

Дæ ирисхъи равгитæ æма гæнæнтæ цæмæй бæлвурдæй базонай, уой фæдбæл дин, ка ’й зонуй, фæййагъаз уодзæнæнцæ, америкаг психолог Артур Вангандми кæддæр ци фарстати къуар бацæттæ кодта, етæ. Махмæ гæсгæ, уонæбæл дзуæппитæ ратгæй дæ бон исуодзæнæй царди хæзнати æцæгдзийнадæ дæхецæн раргом кæнун æма уонæй фæххайгин унæн равгитæ исмадзал кæнунмæ исарæхсун. Еци гъуддаг ба ни алкæмæн дæр уæлдай ахсгиаг æй абони, нæуæг анзи нæдтæбæл ранæхстæр уогæй.

**1. Дæ царди медæгæ дæхецæн циуавæр фондз хæзнай нимайис тæккæ сæйрагдæртæбæл?**

* * *

Аци фарстабæл дæ дзуæппитæ, æвæдзи, уодзæнæнцæ фæйнæхузон: бийнонти амонднгун цард, сувæллæнттæ, зæрдæмæдзæугæ куст, зæрдæдаргæ æмбæлттæ. Дæ бæлдтаг хæзнатæ исбæлвурд кæнгæй, номхигъд син исаразæ, ка дин си куд хъазардæр æй, уомæ гæсгæ. Æцæг, цæмæй еци хæзнатæ дæ къохи бафтуйуонцæ, уой туххæй ба дæхецæн исæвæрай аккаг нисантæ.

**2. Нуртæккæ дин сæйрагдæр циуавæр æртæ ахсгиагдæр нисани æнцæ.**

* * *

Аци фарстабæл дзуапп гъæуама раттай 30 секундемæ (баууæндæ дæ медсагъæстæбæл æма дин æнæмæнгæ фæййагъаз уодзæнæнцæ).

**3. Хуцау дæ гъæуай кæнæд, фал æдеуугурæй ма æхсæз мæйи фæццæрдзæнæ, зæгъгæ, уой ку базонай абони, уæд цæбæл исхарз кæндзæнæ, ци рæстæг ма дин байзадæй, уой?**

* * *

Аци фарста кæмæдæрти æгæр гурумухъ фæккæсдзæнæй, фал рæстæгæн гæрæнти уавæри равзургæй, адæймаг уæлдай карздæрæй балæдæруй, уæлдай ахсгиагдæр ци æй, уой.

**4. Зæгъæн, миллион доллæри рамулдтай, уæд ци кæндзæнæ?**

* * *

Аци фарстабæл дзуапп ратгæй, хуæздæр балæдæрдзæнæ, равгитæ дин ку уа, уæд цæйбæрцæбæл фулдæр гъуддæгутæ исаразунгъон уодзæнæ.

**5. Ци гъуддаг исаразун дæ фæндадтæй, фал тарстæ бавзарунæй?**

* * *

Цæмæ бæллис, уобæл фæххуæст унбæл ку нæ байархайай разæнгардæй, уæд си фенæхай уодзæнæ æма уобæл уой фæсте фæсмон кæндзæнæ.

**6. Дæ зæрдæмæ хъæбæрдæр ци кæнун цæуй? Цæй фæрци дæхецæй боз æма дæ ирисхъæй арази фæууис?**

* * *

Адæймаг æхе амондгун уæд фенгъæлуй, æма зæрдæмæдзæугæ æма уодæнцойнæхæссæг кустбæл хуæст ку фæууй, уæд. Уæхæн уавæри ’й разæнгардгæнæг фæууй е дæр, æма си æрцагæс кæнуй, æ равгитæ æма гæнæнти æмбæрцæ архайунгъон ке æй.

**7. Циуавæр адтайдæ дæ тæккæ æндиуддæр бæлдæ, ке нæ фæггуз уодзæнæ уой зонгæй?**

* * *

Нæ аци æрфарсти кæронбæттæни ба уой зæгъуйнаг ан, æма еугур фарстатæбæл дæр ци дзуæппитæ ратдзинайтæ, уонæмæ еума хатт лæмбунæг æркæсетæ æма си сæйрагдæрæн равзаретæ, нуртæккæ уин уæ цардарæзти нисантæмæ гæсгæ уæлдай ахсгиагдæр ка ’й, уой. Инетæ дæр уин, ка ’й зонуй, ескæци уавæрти бабæздзæнæнцæ. Сæйрагдæр е æй, æма царди дин ку уа равзарун фадуат. Æма уин бантæсæд нæуæг, 2024 анзи. Æнæнез æма амондгун уотæ уæхуæдтæ дæр, уæ бийнонтæ дæр, уæ ахил дæр, зæрдтагон уин ка ’й, етæ дæр еугурæйдæр!..

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Уотæ рауадæй æма нæ газети аци номер уагъд цæуй 13 январи – Уæрæсейаг мухури Бони. Уомæ гæсгæ ба нæ кезуй викторини фарстатæ дæр æнцæ аци бæрæгбони цаутæ æма хабæртти фæдбæл.**

**1. Официалон æгъдауæй аци бæрæгбон – Уæрæсейаг мухури Бон – кæци анзи фæззиндтæй?**

а. 1956 анзи, б. 1703 анзи, в. 1875 анзи.

**2. Номхундæй 13 январь цæмæ гæсгæ нимад цæуй Уæрæсейаг мухури Бонбæл?**

а. Баст æй уæрæсейаг газет «Ведомости» фиццаг номери рацуди бони хæццæ. б. Еци бон косун райдæдта Мухури тургъæ. в. Еци бон адæм ралхæдтонцæ фиццаг рауагъдади еугур газеттæ дæр.

**3. Ке сæрмагонд унаффæй Уæрæсейаг мухури Бон нимад æрцудæй бæрæгбонбæл?**

а. Петр I. б. Екатеринæ II. в. Екатеринæ I.

**4. Куд хундтæй фиццаг уæрæсейаг газет?**

а. «Ведомости о военных и иных делах, достойных знания и памяти, случившиеся в Московском государстве и иных окрестных странах». б. «Вестник». в. «Ежедневный пророк».

**5. Цæй хæццæ баст æй уæрæсейаг фиццаг газети ном?**

а. Газети фæрци дзиллитæ базонгæ уиуонцæ сахари сæйраг мадзæлтти хæццæ. б. Газет цæун райдæдта Цæгатаг тугъди рæстæг æма си мухургонд цудæнцæ тугъдон хабæрттæ. в. Газет мухур кодта цæмæдесаг хабæрттæ игъустгонд адæймæгути туххæй.

**6. Паддзах Петр I аци газет нимадта, куд...**

а. Хабæрттæ парахат кæнунæн цæмæдесаг æма зундамонæг фæрæзнæ. б. Уæрæсейаг паддзахади нæуæг фæззинд. в. Уæрæсейаг паддзахади хъаурæ тухгиндæргæнæг æма нæуæг райарæзтитæ царди рауадзунбæл тохи ахсгиаг фæрæзнæ.

* * *

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 2023 анзи 49-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Сæ пъартфелтæ. **2.** Метин Дада. **3.** Салат «Цæхгун кæсалгæ кæрци хæццæ»-бæл. **4.** Метин нивæфтудтитæ. **5.** Метин къубулæнттæй. **6.** Мети гæбинатæ. **7.** Германий. **8.** Ревæд тæбæгъ. **9.** Америки. **10.** Италий нæуæг анзи зæронд дзаумæуттæ ракалунцæ гъæунгæмæ. **11.** Амонд хæдзарæй ку фæттæха, уомæй тæрсгæй. **12.** Китайи. **13.** Швеций. **14.** Хъæпæнмæ. **15.** Метбæлдзæуæг маторгин цонæгъ. **16.** Уарун. **17.** Президент. **18.** Уæледарæс. **19.** Кострома. **20.** 3-4 апърели фæстаг мети хæццæ. **21.** Метин лæг. **22.** Маскарад. **23.** Славайнæгтæ. **24.** Зæронд Нæуæг анз. **25.** Разарун, кенæ æмдзæвгæ радзорун. **26.** Нæуæг æма Зæронд Нæуæг анз. **27.** Нæзи бæласæ гъазæнтæй фæлундун. **28.** Метин Дада.

## БЫЛ ТАКОЙ СЛУЧАЙ...

### САМ СОБИРАЛ

В травмпункте работал один доктор. Все мотоциклисты его были, даже зимой. Причем мотоциклисты поступали в виде «пазла». Любил он их встречать словами: «Тэк-с, этот на тысячу деталей потянет!»

Один раз привезли девушку-байкера, красивую-красивую. Когда доктор над ней шаманить начал, сказал:

– Не пикнешь – женюсь.

Не пикнула. Женился.

Теперь, когда ему говорят, что жена у него красивая, он отвечает:

– Нравится? Сам собирал.

* * *

### РЕАЛЬНЫЙ ВОЗРАСТ

В автобусе едет бабушка с внуком лет пяти. Он громко спрашивает:

– Ба, а сколько тебе лет?



Она пытается уйти от ответа. Внук не унимается:

– Ба, ну скажи первую цифру!

– Пять.

– А вторую?

– Четыре.

– А третью?

* * *

### КОМАНДНАЯ РАБОТА

Бригада дорожных рабочих укладывала бордюр. Для ускорения работы разделились на две группы: одна укладывает бордюр с одного конца, вторая – с другого. Чтобы бордюр был ровным, натянули веревку.

Уложили. Встретились посередине. Вот только одна группа укладывала бордюр слева от веревочки, а другая – справа.

* * *

### ПРОСПАЛА...

Я вчера задремала в автобусе, показалось, что свою остановку проехала, как заору: «Помогите!», вылетаю в переднюю дверь. Понимаю, что ошиблась, и мне ехать еще и ехать... Успеваю заскочить в заднюю дверь и усаживаюсь на свое же место. Тихо в автобусе стало, даже водитель музыку выключил.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 52**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 12.01.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 12.01.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.